

Twa mwa apre Ida, Plis pase \$2,5 Bilyon pou Asistans Federal pou Abitan Louisiana yo

Release Date: December 1, 2021

BATON ROUGE, La. – Sa fè twa mwa depi Siklòn Ida te pase pre Pot Fourchon, nan Louisiana ki vin senkyèm pi gwo siklòn ki frape Etazini. Pandan Abitan Louisiana yo ap rekonstwi, plis pase **\$2,5 billion** nan asistans sibvansyon federal, prè ak peman asirans kont inondasyon ap soutni yo nan retablisman yo.

Pi Gwo Akonplisman

- Yo te founi plis pase **\$2,5 Bilyon** pou asistans federal pou sisnistre yo jiska kounya, ki genyen ladan li:
 - **\$1,1 bilyon** nan prè ba enterè Administrasyon Ti Biznis genyen pou fanmi ak biznis yo.
 - **\$580 milyon** nan asistans pou lojman pou pwopriyetè kay ak lokatè yo.
 - **\$441 milyon** pou lòt asistans bezwen, tankou fakti medikal, ranplasman machin, ak netwayaj.
 - **\$513 milyon** gras ak reklamasyon Pwogram Asirans Nasyonal Kont Inondasyon (National Flood Insurance Program).
 - **\$2,7 milyon** pou reklamasyon Asisrans Chomè pou Katastwòf la.
- Yo te etabli **25** Sant Rekiperasyon pou Katastwòf nan tout Louisiana, **8** ladan I toujou ouvè, ap fonksyone, epi disponib pou ede sinistre yo.
 - Yo te apwouve plis pase **552,000** Abitan Louisiana pou èd patikilye, pandan ekip FEMA te fè **186,000** pòtapòt nan komin katastwòf la te afekte a.
- Nan moman kriz la te pi fò, yo te abrite **22,183** sinistre tanporèman nan lotèl ak lòt lojman tranzisyon.
- Espesyalis FEMA yo nan domèn mitigasyon te ofri konsèy gratis pou rekonstriksyon ak reparasyon pou plis pase **14,608** sinistre.
- **152,142** sinistre te resevwa asistans lwave rapid akòz pàn kouran, lojman san aksè oswa andomaje.
 - **96,941** te kandida ba revni ki ta dwe resevwa yon asistans ta oswa pa te resevwa ditou.



FEMA

Page 1 of 2

- Yo rezèве **\$27,8 milyon** pou asistans sibvansyon piblik aktyèlman la a pou gouvènman lokal ak benevòl yo.
- U.S. Army Corps of Engineers enstale 33,625 "Twati Ble", pou pèmèt sinistre yo viv ak sekirite nan kay ki te andomaje yo pandan reparasyon pèmanan yo.
 - USACE, nan kowoperasyon ak FEMA epi eta Louisiana, lanse yon pwogram pilòt pou eksploré posiblite twati tanporè pou kay ki pa te kalifye pou Twati Ble yo.
 - Pwogram, yo te rele Roof Wrap la, konsantre li sou itilizasyon materyèl fim plastik yo enstale sou twati atravè fouwo, epi chofe pou diminye materyèl la epi kreye yon jwen enpèmeyab.



FEMA

Page 2 of 2